



Gid CARICHAM pou  
Konplete yon plan  
biznis dirab

# PI DEVAN

**Nan non Caribbean Chambers Network (CARICHAM)** a ban mwen anpil plezi pou m akeyi ou nan zouti enpòtan sa a ki pral ede konpayi ak òganizasyon atravè rejon Karayib la kòman yo dwe pi byen prepare pou fè fas ak plizyè risk ki afekte rejon nou an.

CARICHAM te fòme yon patenarya solid ak Biwo Nasyonzini pou redwi Risk ki genyen nan Katastwòf (UNDRR) - Biwo Rejyonal pou Amerik ak Karayib la, epi li fyè dèske li se yon manm nan inisyativ ARISKE la.

## ARISKE gen kòm objektif pou:

- Amelyore ti piti ak antrepriz mwayen yo. (SMEs);
- Entegre risk ki genyen nan dezas ak klima nan bon jan desizon pou envesti ak sektè finansye a;
- Ankouraje rediksyon risk ki genyen nan katastwòf e pou enfòme ak bon jan done klè pou pran desizon atravè angajman ak asirans endistri kòm risk manadjè mondyal; epi
- Sipòte devlopman enfrastrikti fleksib.

Gwoup de Travay Pou Redikyon risk ak dezas la CARICHAM anba lidèchip Lizra Fabien yo nan Asosyasyon de endistri ak Komès nan Dominik, se youn nan pi gwoup ki nan CARICHAM. An kolaborasyon ak McAllister & Craig Disaster Management (yon lòt manm ARISKE), Gwoup de Travay pou Rediksyon Risk Katastwòf la te kreye zouti sa aki se Plan Biznis dirab (BCP) sa aki te adopte pa Ajans pou Jere Ijans nan Calgary. Nan non tout nan manm yo, mwen ta renmen remèsy UNDRR pou sipò li yo pou pwojè sa a, ak felisite ekip la pou gwo travay yo.

Rejon Karayib la fè fas ak plizyè danje, soti nan siklòn, inondasyon, eripsyon vòlkanik, tranbleman tè ak pandemi. Biznis nan rejon an tou fè fas ak dezòd ki te koze pa pwoblèm sekirite ak krim sou òdinatè kap ogmante de pli zan pli. Pafwa nou fè fas avèk plizyè danje an menm tan. rediksyon risk ak Katastwòf se yon pwoblèm kle pou sektè prive rejyonal la, e sa se yon poto kle nan aktivite CARICHAM la.

Plan biznis dirab an se yon aktivite kle ke konpayi yo, gwo kou piti, bezwen antreprann. Zouti sa a te kreye nan bi pou ede konpayi manm yo ki gen manm Chanm yo nan rezo nou an pou amelyore BCP yo. Devlopman zouti sa a te finance pa UNDRR avèk kontrybityon biro USAID. Asistans etranjè (US AID BHA). Sa a pral ranfòse detèminasyon moun biznis yo ak kolektivman nan detèminasyon jeneral an nan sektè prive a e an plis pou tet ansanm nan sisyete Karayib la.

Map ankouraje tout konpayi ak òganizasyon ki nan rezo CARICHAM ki pi laj pou yo sèvi ak zouti sa an epi asire yo kenbe BCP yo toujou ajou. Konpayi endividiyèl ki gen BCPS ajou pral kapab fè aksyon pou anpeche dezas epi refè pi vit pandan ak aprè yon kriz. Ni lavi ak mwayen pou viv yo depann de kapasite nou pou nou reponn de fason efikas fas yon kriz. Zouti BCP sa a enpòtan.

Dr. Thackwray "Dax" Driver

PRESIDAN rezo a nan KARAYIB

CHANM KOMÈS



# KI PI BON FASON POU ITILIZE DOKIMAN SA A

---

1. **Gid la CARICHAM pou ranpli biznis Plan Biznisdirab an ak CARICHAM Modèl Plan Biznisdirab la** yo te kreye pou travay ansanm.
2. Premyèman, li tout dokiman an: **GGid Kouman pou Ranpli Fòm Plan biznisdirab an**, ki eksplike ki jan pou ranpli Modèl Plan Biznis CARICHAM nan.
3. Ranpli Modèl Plan biznisdirab an. Ou ka chwazi swa ranpli modèl la aprè lèw enprime dokiman an epi ranpli li a la men, oswa aprè lèw sovgade li kòm yon dosye Word epi ranpli li sou Entènèt. Si sa nesesè, elaji oswa efase seksyon ki enpòtan pou biznis ou an.
4. Lèw fini, pa blyie sovgade epi enprime Plan Biznisdirab ou a pou asire ke tout pati yo enprime kòrèkteman.

## KEYSON?

Si ou genyen nenpòt kesyon sou zafè sipò ou byen asystans, ou kapab kontakte Chanm Komès ki nan zòn ou an.

---

Imèl Administratyon CARICHAM la:

[coordinator@caribbeanchambers.net](mailto:coordinator@caribbeanchambers.net)

Se yon plezi li ye pou CARICHAM poul pèmèt tout biznis tout kote itilize zouti sa a.

Tanpri asire nou ke gen kredi nan lòt publikasyon ou adaptasyon ki pral deyò a.



# KONTNI

1. Al chèche dokiman ak enfòmasyon ki soti nan Otorite Nasyonal Jesyon Katastwòf nan zòn ou a.
2. Poukisa Plan biznis mwen an ta dwe planifye pou ijans?
3. Kisa ki se yon plan biznisdirab ye?
4. Ki jan pou devlope yon plan biznisdirab?
5. **PREMYE ETAP:** Analize biznis ou an.
6. **DEZYÈM ETAP:** Evalye risk yo.
7. **TWAZYÈM ETAP:** Mete estrateji sou pye.
8. **KATRIYÈM ETAP:** Prepare yon plan.
9. **SINKYÈM ETAP:** Teste e evalye plan ou a.
10. APANDIS A: Enfòmasyon enpòtan sou biznis.
11. APANDIS B: Enfòmasyon sou Founisè yo.
12. APANDIS C: Risk ki genyen nan Matris.
13. Rete Enfòme.

# AL CHÈCHE DOKIMAN AK ENFÒMASYON KI SOTI NAN OTORITE NASYONAL JESYON KATASTWÒF/DEZAS NAN ZÒN OU A.

Anba otorite Katastwòf/ Dezas nan Karayib la ak Ajans de jesyon an ijans (CDEMA), peyi Karayib yo travay pou reyalize objektif prensipal Sendai Framework for Disaster Reduction 2015–2030(Kad Sendai pou Rediksyon Dezas 2015–2030), ki se anpeche kreyasyon risk, diminye risk ki egziste deja, epi ranfòse detèminasyon ekonomik, sosyal, sante ak anviwònman an nan akonpli sib mondal la ki se pou fè aliman estrateji ak plan nasyonal pou redwi risk katastwòf yo ak kad Sendai a.

Atravè otorite nasyonal pou jere katastwòf yo, peyi Karayib yo kap patisipe nan tet kole avèk CDEMA pou etabli yon pwogram de travay pou plizyè ane, ki vize avanse jesyon risk katastwòf nan peyi yo. Pwogram Travay Peyi yo. bay yon apèsi sou sitiyasyon ak priyorite pwogram DEM yo. Pwogram de travay sa yo bay enfòmasyon enpòtan tou sou nivo danje nan peyi a, yon plan ijans detaye, epi kreye opòtinite pou bon jan zanmitay nan sektè piblik/prive pou amelyore e jere risk ki genyen nan dezas.

## WÒL CARICHAM

Gen yon gwo valè ki egziste nan yon patenarya fòmèl ant CARICHAM ak CDEMA, patenarya sa a te kapab fè gwo enpak nan nivo reyjonal ak nasyonal. Patenarya sa a enpòtan pou bay Chanm nasyonal yo plis sipò ak Ajans de jesyon katastwòf lokal yo nan ranpli, egzekite ak mete ajou plan travay peyi ki se yon gid pou peyi nou yo pandan nap amelyore jesyon risk nou an pou redwi enpak ki ka fèt atravè dezas.

Atravè patenarya sa a, kowòdinasyon ant sektè prive reyjonal la ak enfòmasyon kap pase a ta dwe jere yon jan pou amelyore rezistans jeneral nan reyjyon Karayib la. Chèche konnen plis enfòmasyon sou priyorite DRM, plan ak resous/dokiman ki disponib nan peyiw.

# POUKISA BIZNIS MWEN AN DWE GENYEN YON PLAN?

Genyen yon lespri biznis!

Dezas gwo kou piti ka rive ak ti avètisman tou piti. Plis pase 20 ane yo, Karayib la te fè yon eksperyans ak yon dezas ke li pat janm konnen avan. Soti nan siklòn, pandemi Covid-19 la, ak atak sou òdinatè toupitatou, biznis nan Karayib yo bezwen pou adapte yo ak yon 'nouvo nòmal/anbyans' pou ogmante yo rezistans nan ogmante menas. Meyè fason pou ogmante rezistans biznis ou ' se nan planifikasyondirab biznis la.

Genyen yon plan an plas anvan yon dezòd/pwoblèm ka edew asire biznis ou a ak resous e enfòmasyon ki nesesè yo retabli byen vit.

Kominote yo konte sou biznis lokal yo pou yo delivre machandiz ak sèvis enpòtan yo epi ede rekonstwi aprè katastwòf yo. Biznis ki kontinye delivre machandiz ak sèvis pou kliyan yo ijans gen yon pi bon chans nan kenbe (e petèt ogmante!) Kliyan yo pandan lontan.

## GEN YON PLAN BIZNISdirab OU BYEN A LON TÈM KAPAB EDE BIZNIS OU A:

- Ka ede kominote a resevwa machandiz ak sèvis esansyèl.
- Rete konpetitif lèw rete ouvè biznis la pandan moman dezòd/pwoblèm.
- Diminye pèt finansye.
- Identife feblès/pwoblèm yo nan biznis ou a.
- Amelyore rapò ou ak bank yo, kreditè, investisè yo, ak konpayi asirans pandan wap montre yo angajman ou pou detèminasyon/rezistans biznis la

## Ti konsèy

*Pandan ou pa genyen biznis men wap toujou an mouvman.*

## KISA YON BIZNISDIRAB YE?

Yon biznisdirab pa lòt bagay ke konprann tout risk ke biznis ou a ka rankontre, e devlope bon jan plan ak strateji poul ka toujou kanpe pandan e aprè yon ijans ou byen dezas.



## KISA YON PLAN BIZNIS DIRAB YE?

Yon plan biznis dirab se tout pwosedi ak enstriksyon yon òganizasyon ka swiv lèl fè fas ak yon dezòd/pwoblèm. Yon plan biznis dirab genyen pou objektif pou kenbe biznis la an branl/sou de pye li epi fè li pi fasil pou rekòmanse opere aprè yon dezòd/pwoblèm.

Yon plan biznis dirab kapab pèmèt ou analize pandan wap prioryze ki pwodwi ak sèvis ki enpòtan pou biznis la ka pi byen mache pou ou ak kliyan yo. Lap montrew risk ak danje pou biznis ou a ki ka reprezante yon danje. Aprè tout enfòmasyon sa yo, ou ka devlope estrateji pou asire ke biznis ou ka rekanpe byen vit atravè nenpòt dezòd/pwoblèm.

Sa ki pi impòtan an, plan biznis dirab an ankouraje yon anviwonman ki an sekirite pou

### Ti konsèy

*Se yon bon bagay pou genyen rezistans nan katastwòf*

# KÒMAN DEVLOPE

## YON PLAN BIZNISDIRAB

**Gid sa a atravè etap sa yo pral edew pou devlope yon plan biznisdirab/a lon tèm efikas:**

- 1**    Analyze biznis ou a
- 2**    Evalye risk ki genyen ladann
- 3**    Devlope estrateji
- 4**    Prepare yon plan
- 5**    Teste epi evalye plan ou a

### Yon nòt enpòtan:

Chak biznis inik/diferan. Nou ankouraje biznis yo pou yo elaji oswa chanje nenpòt pati nan Modèl dokiman sa a pou li ka enpòtan e pou li itil ou pi byen.

### Ti konsèy

Chak peyi CARCOM genyen yon Otorite Natyonal pou Jere Katastwòf. Kontakte Otorite ki nan zòn ou an pou ou ka konnen ki sòt de sipò/èd yo genyen pou biznis yo avan, pandan e aprè yon ijans. An plis pou yo baw enfòmatyon enpòtan pou prepare ou kont danje. Ajans sa yo ka bay enfòmatyon sou patenarya piblik/prive pou redwi risk an ka de dezas.

# PREMYE ETAP:

## Analize biznis ou an

Li enpòtan pou ou konnen e konprann biznis an sitou lè pou ou devlope yon plan biznis dirab ki ka fè siksè.

*An nou gade pwen sa yo ki annapre a, e ranpli soti seksyon 1 (paj 8) nan Modèl biznis dirab an::*

**Ki objektif/bi biznis ou an?**

---

**Ki pwodwi ak sèvis ou bay/ofri?**

---

**Ki jan ou bay/ofri pwodwi ak sèvis ou yo?**

---

**Èske founisè ou yo gen plan biznis dirab an plas?**

---

**Ki moun ki enplike/ladann? (egzanp: anplwaye, founisè)**

---

**Se ki kondisyon/kritè ki an plas pou resous yo? (egzanp: pèsonèl, ekipman, dosye)**

---

**Ki moun ki kliyan ou yo ye?**

---

**PA EGZANP:**

**Ki objektif/bi biznis ou an?**

*Biznis X vann manje ak founiti esansyèl pou kay nan kominate Grenville la.*

**Ki pwodwi ak sèvis ou bay/ofri?**

*Le Samdi, manadjè a ale nan mache pou achte pwodwi ak lòt machandiz.*

**Ki jan e ki kote ou ofri pwodwi ak sèvis ou yo? (Egzanp sou sit magazen entènèt, magazen, livrezon, rapò**

*Biznis la ouvè de 8è nan matin pou rive nan 6è aprè midi, 6 jou nan semen nan*

## Ti konsèy

*Poze tèt ou kesyon saa, nan ki nivo envèstisman biznis ou yo enfòme de risk? Konsidere risk ki genyen nan chak envestisman ou fè nan konpayi ou a.*

# IDANTIFYE FONKSYON ESENSYÈL YON BIZNIS

Chwazi nenpòt fonksyon yon biznis ki gen rapò ak biznis pa ou la.

Ajoute nenpòt lòt fonksyon adisyonèl ki manke.

EGZANP:

## Jesyon chèn ekipman

Kòmande founiti  
Resewwa machandiz  
Depo/Depo  
Ranje etajè  
Akizisyon

## Komès

Piblisite  
Jesyon lavant / Lajan Kach  
Lavant sou entènèt  
Sèvis Kliyantèl  
Bay pri/estimasyon  
Sant apèl

## Anplwaye

Rekritman  
Pewòl  
Sipèvizon ak Jesyon

## Administrasyon

Rezèvasyon randevou  
Kontablite  
Pewòl  
Lisans/sètifikasyon  
Rapòte  
Resepsyon/telefòn  
Antretyen byen/ekipman  
Konsèvasyon dosye (depoze elatriye)  
Antre done

## Teknoloji

Antretyen sit entènèt  
Founisè sekirite sou entènèt  
Founisè entènèt

## Pwodwi/Sèvis

Konsepsyon pwodwi  
Pwodiksyon  
Anbalaj  
Transpò pwodwi  
Sèvis livrezon  
Konsepsyon pwojè ak livrezon  
Siveyans ak evalyasyon pwojè

## Jesyon enfrastrikti/Etablisman

Sekirite nan biwo / byen yo  
Elektriskite/Kouran  
Dlo  
Aksè nan etablisman  
Antretyen etablisman

# PRIORITE ESENSYÈL NAN FONKSYON YON BIZNIS

Nan yon ijans, enèji ak resous yo dwe baze sou eleman esansyèl, eleman enpòtan nan biznis la. Se pwodwi avèk sèvis vital sa yo atire kliyan yo. Priyorte fonksyon biznis la desine nan tablo ki anba a. Efase / ajouté fonksyon ou trouve ki nesesè. Objektif etap sa a se idantifye ki fonksyon yo dwe an priyorte aprè yon ijans.

Sèvi ak lis fonksyon biznis sa yo chwazi nan etap anvan an, idantifye nivo priyorte pou chak. Chwazi yon delè maksimòm pou yon fonksyon biznis kle ki ka entèwonp/kanpe. Ou byen, ki peryòd ki pi long ke biznis ou ka retade fonksyon an san konsekans grav.

## EGZANP:

FONKSYON BIZNIS /AKTIVITE	GWO PRIYORITE (dwe fèt kounye a)	MOYEN (ka rete tann yon kèk jou)	BA (ka rete tann yon kèk semèn)	NÒT
Pewòl	✓			Anplwaye yo touche Chak de semèn oswa le madi atravè depo dirèk.
Komèsyal/ Jesyon Lajan Kach			✓	Lajan kach andedan nan pèman dèt ak rekonsilyasyon dwe fèt chak mwa.
Storage/ Refrigeration of fresh produce + meat products)		✓		Pwodwi fre ak vyann konsève nan frijidè epi tcheke pou tanperati a omwen de fwa pa Jou
Acha/ resevwa machandiz (Kontakte ak founisè yo)		✓		Kòmad yo voye pa imèl bay Food City yo dwe fèt 48 èdtan davans; Kòmand bay kiltivatè lokal yo pa telefòn dwe fèt chak vandredi; pick-up ap itilize machine yo pou anboche.'
Livrezon manje & atik esansyèl pou kliyan kle lakay yo	✓			Lis kliyan lakay yo ak kòmand ki kanpe yo. Livrezon yo te fèt lendi ak jedi.
Antretyen magazén (bale, mop, elatriye)			✓	Manm anplwaye yo obligatwa bale ak pase bale magazén yon Chak aswè; bale deyò antre prensipal la; pwòpte twalèt anplwaye yo chak maten; dezenfekte frijidè chak 2 jou.
Piblisite			✓	Panno afichaj Deyò magazén nan ki fe pwemosyon Espesyal Chak semèn / Chak Jou

## DEZYÈM ETAP:

### Evalye Risk yo

Nan Karayib la, gen yon kantite danje ki ka deranje bon fonksyonman biznis ou a. Seksyon sa a ap gidew pouw ka idantifye danje lokal yo, ak evalye chans ak enpak sou biznis ak kominate a.



**Sa ki anba la se yon lis nan danje nan Karayib la. Se pa tout danje ki pral afekte biznis ou. Chwazi danje sa yo ki aplike nan biznis ou a:**

Ajoute lòt danje ki se pa sou lis la men ki enpòtan ou biznis.

EGZANP:

DANJE	TCHEKE DANJE SA YO KI KA Aplike POU Biznis OU
Trambleman tè	
Siklòn	✓
Kòt Inondasyon	
Inondasyon	
Glisman tè	
Sounami	
Epidemi	(egzanp: chikungunya, virus zika, dengue, malarya)
Pandemi	(ajoutejou)
Aktivite vòlkan	
Pann kouran	✓
Cybè krim	✓
Teworis	(ranje yo an ôd)
Twoub Sivil	
Krim/Vòl	
Dife	✓
Sechrès	
Gisman tè	

# ENFÒMASYON SIPLÉMANTÈ SOU

## Evalyatyon danje yo

### KLASIFIKASYON DANJE YO

Meteyorolojik ak Idwolojik	Ekstraterès	Jeolojik	Anviwònman	Chimik	Byolojik	Teknolojik	Sosyete
Siklòn (siklòn & Ouragan)	Asteroid/ Meteor Enpak	Tranblemannè	Dives pèt biyolojik	Pwodwi chimik yo toksik	Patojèn Òganis Toksin Ensèk	Echèk Telekomunikatif	Vyolans konfli
Sechrès	Eryption Solè	Sounami Landslides	Salinasyon tè Pèt pèjelisòl		Byoaktif sibstans	Echèk Sistèm transpò	
Inondasyon		Dolin	Pèt lanmè Glas		Parazit	Echèk Nikleyè	
Toubiyon		Vulkan yo	Ensandi		Viris Bakteri	enfrastrikti elektrisite, dlo, Sante	echèk enfra-estrikti
Vag chalè						Sibè atak	

Definityon danje ak rapò klasifikasyon revision Teknik 2020 pou danje ak tèminoloji dezas mete deyò yon lis 302 danje ki gwoupe ansanm: danje meteyorolojik ak Idwografik, danje ekstraterès, Jeoris, danje nan Anviwònman an, danje chimik, danje byolojik, danje teknolojik ak danje nan sosyete a. Danje yo ka natirèl, antwojèn oswa sosyo-natirèl nan orijin yo. Danje natirèl yo predomine asosye ak pwosesys fenomèn natirèl. Danje antwopojenik, oswa danje ke lòm pwovoke, yo pwovokel antyèman oswa nan majorite ak chwa yo.

# MATRIS RISK

Konsidere differan danje yo nou genyen nan paj 9 la, itilize matris evalyatyon risk sa a ki anba pouw evalye gwo danje ki nan biznis ou an.

		SERYEZITE			
		Anpil chans	Wo	Wo	Ekstrèm
		Mwayen	Mwayen	Wo	Wo
		Ba	Mwayen	Mwayen	Wo
		Ba	Ba	Mwayen	Mwayen
		Ensiyifyan	Minè	Serye	Pi gwo

NIVO RISK	SKÖ
Extreme	16
Wo	8 – 12
Mwayen	3 – 6
Ba	1 – 2

Chans x Seryezite = Nivo Risk

## KISA RISK YE?

Risk se pwobabilite pou yon rezulta gen yon efè negatif sou moun, sistem oswa byen yo.

Nou pran desizyon sou danje ke nou vle ekspoze tèt nou,

nou pran desizyon sou ki kote pou konstwi lekòl, faktori, baraj, dig ak konbyen lajan pou envesti nan siveyans maladi epi nou pran desizyon sou fason nou sosyete yo dwe òganize ak pran swen moun vilnerab yo ak byen yo.

## – BIWO NASYON UNITI POU REDUCTION RISK DEZAS



## VALÈ CHANS

## DESKRIPSYON

4	<b>Sèten/Prèske Sèten</b>	Trè fòt chans pou sa rive nan pwochèn ane ya.
3	<b>Gen anpil chans</b>	Gen anpil chans pou li rive nan 2 pwochèn ane yo
2	<b>Pa gen anpil chans</b>	Pa gen anpil chans pou li rive nan 3 ane kap vini yo
1	<b>Trè fasil</b>	Pral rive sèlman nan sikontans eksepsyonèl

## VALÈ SERYEZITE

## DESKRIPTYON

4	<b>Gwo</b>	Destriksyon gwo echèl nan enfrastrikti kritik (dlo, elektrisite, kouran); ekonomi lokal yo afekte anpil; toupatou, mankman alontèm nan nesesite debaz ki genyen ladann manje ak dlo; la lwa ak lòd ki afekte alontèm deranjman nan rezèv chè nan alontèm; blesi grav toupatou, maladi; pèt de vi; biznis yo vinn pa kapab ofri sèvis ak pwodwi yo pandan lontan; absans anplwaye pwolonje; gwo kriz finansye pandan lontan; biznis vinn pèdi repitatyon yo.
3	<b>Serye</b>	Gen kèk destriksyon nan enfrastrikti kritik (dlo, elektrisite, kouran); Kèk sektè nan ekonomi lokal la afekte; mwayen tèm manke nesesite debaz ak chèn ekipman a mwayen tèm; kèk anplwaye Selman ki ka travay nòmal èdtan; aksidan / maladi ak / oswa pèt a koz de yo pwoblèm; pèt a mwayen tèm nan pwofi ki ka dwe prepare atravè biznis la.
2	<b>Minè</b>	Blesi minè; ti pwoblè nan enfrastrikti kritik (kouran, dlo, telekomunikasyon); pwoblèm a kou tèm nan chèn ekipman pou; domaj a kou tèm nan ekonomi lokal la akj nan biznis.
1	<b>Ensiyifyan</b>	Pa gen mezi nesesè espesyal.

Ale nan paj 8 ki nan Modèl plan biznis dirab la.

## Ti konsèy:

Ou kapab itlize zouti estimation risk rapid UNDrr la siw ta renmen genyen yon pouvantaj pandan wap estime risk ou a. Li disponib nan: [businessqr.net](http://businessqr.net).

# EVALYE DANJE/PWOBLEM YO

Yon fwa ou te chwazi danje/ pwoblèm ki ka afekte biznis ou a, ou bezwen evalye nivo risk. Pou kalkile nivo risk la, miltiplier valè danje/pwoblèm nan a pa valè gravite a (probabilite x severite = nivo risk). Toujou sipoze pi move senaryo posib epi prepare pou plizyè danje/pwoblèm.

## EGZANP:

DANJE	NIVO RISK	MEZI PLANIFIKATYON
<b>Siklòn</b> Pwobabilité: Pwobleman Gravite: Grav-Majè	<b>Segondè</b> $3 \text{ (probab)} \times 3 \text{ (grav)} = 9 \text{ (segondè)}$	<i>Achte asirans siklòn; enstale lyen twati sou do-kay; Dèlko / enèjy solè; pano pou siklòn, bezwen esansyèl (manje, dlo, flach), sekirite etablisman, lajan kach, pwodwi; kontwole rapò metewolojik atravè radyo, gen bwat premye swen prè ou.</i>
<b>Pandemi</b> Pwobabilité: Sèten Gravite: Grav	<b>Sèten</b> $(4) \times \text{Grav} (3) = 12$ Segondè	<i>Netwaye pi souvan e dezenfekte; swiv sante piblik; asire ke anplwaye yo mete mask, mete dezenfektan deyò pou kliyan yo; pwodwi ki pral yo dwe rete deyò kay; enstale baryè lokal la avèk kach enskri; mande pou kliyan yo pou yo sèvi ak peman elektwonik.</i>
<b>Inondasyon</b> Pwobabilité: Sèten Gravite: Grav	<b>Mwayen</b> $(3) \times \text{Pwobleman}$ (2) Minè = 6 Mwayen	<i>Achte asirans si li disponib. Siveye rapò tan ; netwaye drenaj ki bò ou prè magazen an; leve elektrik si li posib retire fil kouran ki soti nan tè; enstale sak sab si sa nesesè ; ogmante epi kouvri tout aparèy elektwonik oswa yon bagay elektwonik.</i>
<b>Glisman tè</b> Pwobabilité: Trè fasil Gravite: Ensiyifyan	<b>Low</b> $Ba Trè fasil (1) \times$ Ensiyifyan (1)= 1 (Ba)	<i>Tcheke ak biwo nan lokal peyi ki regle kesyon rejis pou tè pou asire ke pa genyen okenn posibilite tè deboule. Sevi ak mezi mitigasyon ki genyen vejetasyon natirèl pou estabilize tè a. Asire enspeksyon etablisman fèt regilyèman ak antretyen pou nenpòt siy nan degradatyon tè.</i>

## Sevi ak tab anba yon konsolide Klasman evalyasyon risk nan paj anvan.

## EGZANP:

DANJE	NIVO RISK
<b>Siklòn</b>	<b>Wo</b>
<b>Inondasyon</b>	<b>Mwayen</b>
<b>Glisman tè</b>	<b>Ba</b>
<b>Pandemi</b>	<b>Wo</b>

Ale nan paj 9 nan Modèl plan biznis dirab la

**TIKONSEY:**

PWOTEJE  
ENFRASTRIKI OU A  
KONT TOUT DOMAJ

# TWAZYÈM ETAP: Devlope estrateji

Kounye a ke ou konnen risk ki genyen nan biznis ou a, e a kisa li kapab ekspoze, evalye estrateji ki posib yo. Anpil estrateji yo fasil ak sa ki efikas ou aplike. Estrateji sa yo ka enplike yon senp apèl nan telefòn yon lòt founisè oswa devlope akò èd mityèl ak lòt biznis. Sonje rezo ak lòt pwopriyetè biznis yo pataje pi bon pratik.

## **Sa ki anba la yo se kèk estrateji biznis dirab la ke ou ka konsidere:**

### **Jesyon chèn ekipman**

- Idantifye altènativ founisè.
- Fè envantè machandiz andeyò sit yo.
- Teste resystans ak planifikasyon senaryo a.

### **Komèsyal**

- Kominike ak kliyan pou fè yo konnen chanjman posib nan sèvis yo.
- Pèmèt kliyan ou fè konfyans yo peye pou machandiz yon dat aprè lèl achete li. Sèvi avèk sistèm 'Mwen Dwe Ou'.
- Konsidere inovasyon ak divèsifikasyon pwodwi ak sèvis yo.

### **Anplwaye**

- Divès fòmasyon pou anplwaye yo.
- Planifikasyon siksesyf.
- Ankouraje preparasyon pèsonèl ak fanmi
- Diskite ak anplwaye ou yo sou fason yo pral kominike avèk ou oswa ale nan travay si ta gen yon dezòd/pwoblè.
- Konsève toutenfòmasyon ijan sou anplwaye ou yo

### **TI KONSEY:**

*Integre aktyon alon tèm pouw ka redwi risk. Tankou, evalye posibilité pouw integre solityon senp e natirèl ki ka adapte a chanjman klimatik la nan jan biznis ou a ap mache. Pa egzanp antre recycle materyèl ladann pou evite movejesyon. Travay avè founisè ki ofri ou zanmitay, pwodwi dirab ak reintegratyonlokal nan zò vilnerab yo.*

### **Administrasyon**

- Kenbe kopi dokiman enpòtan yo nan dosye prèv.

### **Teknoloji**

- Prete ekipman nan men yon lòt biznis.
- Kenbe ansyen ekipman kòm yon back-up.
- Sere done ak dokiman enpòtan yo nan yon kote ki an sekirite.
- Fè mete ajou dosye òdinatèw yo regilyèman. Kenbe yon jounal sou dat /pandan ke done enpòtan yo ajou.

### **Jesyon enfrastrikti/Etablisman**

- Travay altènativ nan lokal la.
- Etabli pwotokòl travay ak kay.
- Kenbe yon kantite limite nan founiti pou reparasyon etablisman.

## **KOUNYE A IDANTIFYE KÈK ESTRATEJI BIZNIS OU KA SÈVI AVAN YON IJANS.**

# KATRIYÈM ETAP:

## Prepare yon plan

### Premyèman òganize yon dokiman kle

Li fò pwobab pouw pa genyen aksè rapd / imedia ak òdinatè ou system imel ou nan yon ijans. Rasable tout enfòmasyon enpòtan yo e mete nan planw nan.

### Kiyès kid we ekri plan an?

Nòmalman se manadjè a ki gneyen plis enfòmasyon yo bezwen bezwen pou konplete yon plan biznis dirab men sipò tout anplwaye yo enpòtan tou.

EGZANP:

### ENFÒMASYON PAN BIZNIS DIRAB

Non konpayi a	Grenville Grocery
Non moun ki responsab plan sa a	Jennifer, Pwopriyetè biznis / Operatè
Manadjè	Jennifer
Manadjè asistan	Noah
Ki kote plan biznis dirab la ye. (kote mwén ka jwenn yon kopi nan plan sa?)	kabin è inifije nan biwo a; Yo ka jwenn yon vèsyon elektronik sou dokiman disk di nan katap "preparasyon pou ijans"

### ENFÒMASYON VITAL SOU BIXNIS ( DWE ENKI KÒM ANÈKS POU PLAN AN )

Nimewo lisans biznis la	2908349876
Konpayi asirans nimewo prensip ak telefòn	Non konpayi asirans BH19739399 – 2019 473-405-9876
Kote papye dosye enpòtan yo ye	Inifije gri nan kabinè ranplasaj la nan biwo manadjè a
Kote dosye odinatè back-up yo sere	1) Sistèm dosye ki baze sou niaj. 2) Kle yo dwe rete lakay manadjè a.

### ENFÒMASYON POU KONTAKTE ANPLWAYE

NON	POZISYON	TELEFÒN	IMEL
Jennifer	Pwopriyete	403-8765	staff1@gmail.com
Brett	Kesye (enplatan)	403-9876	staff2@gmail.com
Noah	Manadjè	234-1298	staff3@gmail.com

## KONTAKTE KLIYAN KLE YO

NON	NÒT	TELEFÒN	IMEL
Madam James	<i>Kliyan (repose sou livrezon pa kapab kite kay la)</i>	403-8765	staff1@gmail.com
Mesye Georges	<i>Kliyan (kapab kite kay la)</i>	403-8765	staff1@gmail.com
Madam MacLeish, direktè pou kay gramoun ki aje yo	<i>Direkris-(resevwa gwo kòmann pwodwi fre chak 2 jou)</i>	403-8765	staff1@gmail.com

## LÒT KONTAK KLE

	NON	PHONE	EMAIL
Manadjè etablisman	James Renwick	403-8765	staff1@gmail.com
Dlo	GRENLEC	403-8765	staff1@gmail.com
Elekrisite	Konpayi elekrik	403-8765	staff1@gmail.com
Gaz	Gary's Gas		
Founisè entènèt	Carnint		

## LIS DISTRIBISYON PLAN BIZNIS DIRAB LA

(KIYÈS KI TE RESEVWA DOKIMAN SA A?)

Asire ke se moun an kesyon ki resevwa pati apwopiyé de plan an. Bay detay sou moun kit e resevwa plan an e nan ki fòma lit e remèt.

NON / POZISYON	DETAY (ou resevwa pa lapòs oswa imel)	DAT
Jennifer	Resevwa pa lapòs	21 mas 2020
Brett	Resevwa pa lapòs	21 mas 2020
Noah	Resevwa pa lapòs	21 mas 2020

*Nap viv nan yon mond ki gen anpil danje kote risk sistemik ak enpak katastwòf yo souvan kaskad san zatann,” Mizutori di “Preparasyon pou katastwòf aksyon souk lima ak sibè risk preparasyon pou pandemic tout bezwen genyen bon gouvènans volonte politik ak angajman pou envesti nan fè mond lan yon kote ki pi an sekirite.”*

– MIAMI MUTZUTORI REPREZANTAN ESPESYAL SECRETE JENERAL POU RISK AK DEZAS.

# PLAN AKSYON DE YON BIZNIS DIRAB

Itilize model sa a yo bay la. Ekri klèman e tou kout yon pla biznis dirab pou chak danje ki ka poze yon menas empòtan / siyifikatif.

## EGZANP:

Danje	Siklòn	
Nivo risk	Wo	
Fonksyon biznis ki gen gwo priyorite ki afekte yo	<i>Depo / refrijerasyon ki genyen pwodwi fre ak vyann; lajan kach ak lavant sekirite etablisman / sekirite transpò nan machandiz.</i>	
Fonksyon biznis ki gen gwo priyorite ki afekte yo	<b>Travay</b>	<b>Moun ki responsab</b>
	<i>Ervoor zorgen dat bederfelijke waren gekoeld blijven (ploge jeneratè yo)</i>	Noah
	<i>Pran foto tout estrikti, ou byen dlo ki an pàn pouf è reklamasyon an nan asiran. Fè yon bilan sou tout dmaj.</i>	Jennifer
	<i>Asire sekirite nan etablisman an ak lajan kach</i>	Noah
	<i>Limie / reparé tout domaj nan etablisman an pou limite domaj dlo. Asire devan ak dèyè pa gen debri san pwoblèm pou antre.</i>	Jennifer
	<i>Kesye yo dwe resevwa enstriksyon pou yo itilize resi yo vann nan. Kesye yo dwe prepare lajan pou yo vann / itilize si gen yon problem kouran.</i>	Noah
	<i>Kominike ak anplwaye sou byennèt epi sitiyasyon biznis la ak antant pou travay la.</i>	Jennifer
	<i>Kontakte kliyan kle yo pou chèche si yo bezwen kòmande ou byen deliver yon bagay pou ou.</i>	Noah
	<i>Mete ajou / ansèy devan bznis la pou kliyan yo ke magazen an louvriepi ka ofri machadiz limite</i>	Jennifer
	<i>Kontakte kliyan kle yo pou chèche konnen si yo bezwen nenpòt bagay pou te bay kòmande / livre</i>	Noah
Aksyon kout tèm	<i>Kontakte konpayi asirans pou fè reklamasyon</i>	Noah
	<i>Kontakte yo pou kòmande machadiz kle (dlo manje founiti pou kay.)</i>	Jennifer
	<i>Live machandiz bay kliyan kle yo</i>	Noah
	<i>Fè reparasyon lè sa nesesè</i>	Jennifer
Aksyon a mwayen tèm	<i>Kontakte chanm komès nan zòn ou an pou out denye enfòmasyon.</i>	Noah

# **SENKYÈM ETAP:**

## **Tèa ak evalyasyon planw nan**

Nan mond biznis la bagay yo toujou ap chanje. Li enpòtan pou mete ajou epi kenbe planw nan sou yon baz regilye. Youn nan fason ki trè efikas pou evalye planw nan se travay li. Fè planw nan travay sa ap bay yon apèsi sou fòs ak feblès li. Anplwaye yo tad we patisipe pandan travay la pou y ka vinn abitye ak wòl yo e ak say o atann de yo pandan yon ijans.

### **Egzanz egzèsis:**

- Pandan yon reyinyon anplwaye di yo ke ou pral revise plan biznis dirab la. Bay yon senaryo (avèk diferan danje tankou yon siklòn ou byen yon pàn kouran) epi dekri sa ki ka rive anvan pandan e apre entèripsyón biznis la. Sèvi avèk yon senaryo mache nan plan biznis dirab la pouw wè si anplwaye yo konprann wòl responsabiliteak priyorite yo.
- Apre yon biznis finn kanpe (pa egzanp pàn kouran) rankontre ak anplwaye yo diskite sou sa kit e pase a kòman sa ka amelyore pwochèn fwa. Fè chanjman apropriye nan pla biznis dirab la.
- Fè yon demonstrasyon kote anpwaye yo ap pratike etap la tankou yo tap reponn ak yo ijans.

### **DAT TÈS / EVALYSYON NAN YON PLAN BIZNIS DIRAB**

---

#### **EGZANP:**

<b>Chanjman sa yopral fèt pou amelyore pla biznis dirab:</b>	<b>Moun ki responsab pouf è chanjman</b>	<b>Dat konplete</b>
1. Mete enfòmasyon tout kontak ou yo sou pèman entènèt nan lis kle founisèw yo	Jennifer	20 janvye 2021
2. Kreye yon fòmilè sou papye pou kliyan ou fè konfyans e ki gen lajan kach. Fòm sad we genyen ladani fraz (mwen dwew kantie manchndiz ki vann lajan yo dwe data k siyati)	Brett	Dwe ranpli
3. Fòme anplwaye yo pou yo jere dèlko epi swiv evolisyón gaz kin an dèlko a	Brett	20 janvye 2021
4. Pou fè yon aksyon imedya fè foto tout domaj ki genyen nan etablisman an ou byen nan pwodwi yo	Jennifer	Dwe ranpli

Ale nan paj 13 nan Modèl plan biznis dirab la

### **Èske te gen chanjman ki fèt nan dokiman an**

Plan biznis dirab la dwe revise toutan ( yon fwa chak ane) kan pwoblèm yo chanje. Kèk egzan sou chajman nan pwoblèm ki ka fè yo revise plan biznis dirab la kapab:

- Sezon sìklòn kap vini an
- Vaksen ki vin disponib pou COVID-19 la
- Ogmante avètisman / rapò sou gro krim sou òdinatè ki ka afekte biznis ou a
- Ajitasyon politik / dezòd civil
- Kontwòl / mezi mitigasyon pou mete anplas pou diminye risk lè gen inondasyon  
(pa egzanp gwo lanmè)

#### **EGZANP:**

<b>VÈSYON</b>	<b>DETAY SOU TOUT CHANJMAN POSIB</b>	<b>REVIZE PA</b>	<b>DAT REVIZYON</b>
1	<i>Plan inityan</i>	Jennifer	Janvye 2021
2	<i>Mete ajou lis kontak anplwaye founisè ak kliyan</i>	Jennifer	Jen 2021
3			
4			

Ale nan paj 2 nan Modèl Plan Biznis Dirab la



# KESYON?

Metew alèz pouw kontakte chanm komès ou ye a pou sipò, asystans ou si ou genyen kesyon.

## MANM CHANM:

Antigua and Barbuda Chamber of Commerce and Industry
Bahamas Chamber of Commerce and Industry
Barbados Chamber of Commerce and Industry
Belize Chamber of Commerce and Industry
British Virgin Island Chamber of Commerce and Hotel Association
Dominica Association of Industry and Commerce
Grenada Chamber of Industry and Commerce
Chamber of Commerce and Industry of Guadeloupe Islands
Chamber of Commerce and Industry of Haiti
Federación Dominicana de Cámaras de Comercio
Jamaica Chamber of Commerce
Martinique Chamber of Commerce and Industry
Saint Lucia Chamber of Commerce, Industry and Agriculture
Sint Maarten Chamber of Commerce and Industry
St. Kitts and Nevis Chamber of Industry and Commerce
St. Vincent/the Grenadines Chamber of Industry and Commerce
Georgetown Chamber of Commerce and Industry
Suriname Chamber of Commerce and Industry
Trinidad Chamber of Industry and Commerce
Energy Chamber of Trinidad and Tobago

## KONTAK IMEL:

chamcom@candw.ag
info@thebahamaschamber.com
bcci@barbadoschamber.com
ceo@belize.org
info@bviccha.org
chamber.daic@gmail.com
ed@grenadachamber.org
contact@guadeloupe.cci.fr
info@ccih.org.ht
info@camarasantodomingo.do
info@jamaicachamber.org.jm
contact@martinique.cci.fr
info@stluciachamber.org
president@chamberofcommerce.sx
executivedirector@sknchamber.com
svgchamber@svg-cic.org
gccicommerce2009@gmail.com
chamber@sr.net
chamber@chamber.org.tt
member-relations@energy.tt

# CHACHE PLIS SIPÒ/ENFÒMATYON?

Ou vle konnen plis bagay? Òganizatyon sa yo sipòte ti piti ak biznis mwayen yo pou devlope rezistans.

## RISE (UNDRR Private Sector Alliance for Disaster Resilient Society)

[www.ariseglobalnetwork.org/join/networks](http://www.ariseglobalnetwork.org/join/networks)

ARISE se yon rezo ki soti nan sektè prive dirije UNDRR, ki gen manm volontè ki bay tet yo pou yo mete dakò ak kad Sendai. Manm ARISE pataje enfòmasyon, eksperyans, aktivite, ak pwojè, pandan ke nivo a nan patisipasyon ak resous se nan diskresyon nan chak manm.

## Chanm Komès Karayib yo (CARICHAM)

[www.caribbeanchambers.net](http://www.caribbeanchambers.net)

CARICHAM se rezo Chanm Komès Karayib yo. CARICHAM travay ak tout manm yo pou ankouraje rediksyon Risk ak dezas. Diminisyon epi fè ekonomi ak sisyete Karayib yo pi rezistan.

## Ajans Jesyon Ijans nan Karayib la (CDEMA)

<https://www.cdemainfo.org/>

CDEMA se ajans rejonal entè-gouvènmantal ki responsab pou jere katastwòf nan Kominote Karayib la (CARICOM). CDEMA aji kòm fasilitatè, chofè, kowòdonatè ak fòs motivasyon pou pwomosyon ak jeni nan Jesyon Dezas konplè (CDM) nan tout eta k ap patisipe nan tout eta CARICOM yo.

## Chanm Komès Entènasyonal (ICC)

[www.iccwbo.org](http://www.iccwbo.org)

ICC a se yon reprezantan enstitisyonèl plis pase 45 milyon konpayi nan plis pase 100 peyi ak yon misyon pou fè travay biznis pou tout moun, chak jou, tout kote. ICC a ankouraje komès entènasyonal, kondwi e responsab biznis ak yon apwòch global nan bon jan règleman.

## Biwo Nasyonzini pou Rediksyon Risk Katastwòf (UNDRR)

<https://www.unrrr.org/about-unrrr-where-we-work/americas>

UNDRR sèvi kòm pwen fokal nan sistèm Nasyonzini pou kowòdinasyon rediksyon dezas ak asire sinerji nan mitan aktivite rediksyon dezas sistèm Nasyonzini an.



Dokiman sa yo te tradwi an kreyòl nan kad Pwogram Emisfè Lwès Oganizasyon Entènasyonal (OIM) ki finanse pa Biwo Popilasyon, Refijye ak Migrasyon (PRM) Depatman Deta Etazini.



Developman materyèl sa a te sipòte pa UNDRR gras avèk kontribityon biwo USAID nan asistans etranjè. (USAID BIHA)